Шурдим Илина 10 класс 82б

# АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКІЭ ОЛИМПИАДЭ

## 10 КЛАСС

**1.** *Махуэр уейщи, жьы зэпихум хуарзэу уэсыр кърехьэкI.* Мы сатырым хэтщ
а) макъзешэу 14; б) макъзешэу 15; в) макъзешэу 16; г) макъзешэу 17.

— 0

**2.** Макъ дэкІуашэ зэгуэгъуищ (жьгъыжьгъ, дэгу, пІытІа) мы псалъэм хэтщ:
а) дытетІысхьащ; б) пІэтІрэжаныфэ; в) гъуэгурыкІуэ; г) лэныстальэ.

**3.** *СемышкIэ, сэхуран* къэкІыгъэцІэм синоним мы псалъэр хуохъу:
а) зэнтхъ; б) гъасэ; в) хъурмыж; г) дыгъэгъазэ.

**4.** *Псыкъуийм къисшурэ жэмыр псы езгъэфащ, хьэщбэкхъым къездзыхри мэкъу естащ, къакъырэр къэзгъэкъэбзащ, уэщымкIэ пхъэ скъутэри пыщIыкIым щIэсхьащ, джэдкъазыр згъэшхащ, итIани зэманыр къулъшыкъум нэса къудейщ.* Мы псалъэухам къыхэтхыкІын:
а) диалект псалъэхэр ____________________
б) жьы хъуа псалъэхэр ____________________
в) ди бзэм къищта хамэ псалъэхэр ____________________
г) псалъэпкъитІу зэхэт псалъэхэр ____________________

– ? — 0

**5.** Пэжу тха псалъэр къыхэхын:
а) бзаджэнаджэ; б) бзэджэнаджэ; в) бзаджэ-наджэ; г) бзэджэ-наджэ.

**6.** *Дэ фэ дывдоплъей.* Мыбдеж етІуанэ щхьэм и щхьэ цІэпапщІэу къыщыкІуар
а) обстоятельственнэ падежым итщ; б) послеложнэ падежым итщ;
в) именительнэ падежым итщ; г) эргативнэ падежым итщ.

**7.** Мы псалъэухам уступительнэ наклоненэ зиІэ глагол къыщокІуэ:
а) *Мыр уэ пхуэсIуэтэжкIи, си сабий гъащIэ блэкIам уеубзэжыфынкъым;*
б) *Си анэр гузэващ, дэжеящ, къежэхащ, хьэблэр къызэхижыхьащ;*
в) *Станцым нэси унигъэсмэ, ар бзэм дежкIэ уфIэмащIэ;*
г) *Ар сымыщIэу щытыгъатэм, кIэщI дыдэнут сэ си гъащIэр.*

— 0

**8.** *Нобэ махуэр псынщIэу иухащ.* Мы псалъэухам обстоятельствэу хэуващ
а) зэман, щхьэусыгъуэ къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр;
б) зэман, лэжьыгъэм и къэхъукІэ наречиехэр;
в) мардэ, зэман къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр;
г) щІыпІэ, щхьэусыгъуэ, зэман къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр.

**9.** Мы псалъэухам и подлежащэр еигъэ цІэпапщІэу къэкІуащ:
а) *Абыхэм я пщIантIэм зыгуэр дохьэри шындэбзиймкIэ йокIуэкI;*
б) *Ди саугъэтыр епщIанэ классым фыфейщ, ар фэ къэвлэжьащ.*
в) *МазищкIэ нэмыцэхэм яIыгъа си къуажэм дыдейхэр къекIуэлIэжат.*
г) *Хэт жьыуэ къэтэджми, абы насып егъуэт.*

**10.** *Махуищ нэхъ дэмыкIыу, шум игъуэта уIэгъэр кIыжын щIидзащ.* Мы псалъэухам и сказуемэу къэкІуар
а) глагол сказуемэ къызэрыкІуэщ; б) цІэ-сказуемэ зэхэтщ;
в) цІэ-сказуемэ къызэрыкІуэщ; г) глагол сказуемэ зэхэтщ.

**11.** Мы псалъэухам дополненэ зэлъэпкъэгъу къыщокІуэ:

) Мусэрэ Муратрэ псэлъэн щIадзэ; б) Мурат зэгуэпащ, пэпщащ, и къэпталым есэбэуащ;
в) Махуэр уэмт, мамырт; г) Шыхулъагъуэм, Вагъуэбыным, Вагъуэзэшиблым сеплъу сыхэлът.

**12.** Псалъэухам фыкъеджэ, къызыхуэт хьэрфхэмрэ нагъыщэхэмрэ фтхыж.

Зэман …зэманкIэрэ з…кIэлъхьэужьу блэж маш…нэхэр къегъэувыIэри арых…эу зи нэщхъыфIагъ…р нэгум имыкI Лусэ пыгуфIыкIыжу абы и пащхьэ къохутэ дэлъхум и тыгъэ лъапIэр кI…синкIэ щIэрыпсыр телъых…эщ

**13.** *«Алмэсты мажьэ»* псалъэ шэрыуэр хужаIэ хабзэщ:
- а) зи мурадхэр зэзыгъэхъулIэф, зыхуейр цIыхухэм къезыгъэщIэфым;
- б) и мыIуэху зэрихуэу, жимыIэпхъэ жиIэу, цIыхуитI зриушту дэтым;
- в) бзылъхугъэ гъэфIам, Iуэху щIэным, лэжьыгъэм зыщызыдзейм;
- г) жьэ бзаджэ зиIэ, гурыуэу куэд жызыIэ, цIыхубз хъущIэрейм.

**14.** Псалъэжьыр нэвгъэсыж. *«Мывэ сыныр мэкIуэдыж, мыкIуэдыжыр …»*
- а) акъылщ;
- б) былымщ;
- в) бынщ;
- г) уэрэдщ.

**15.** «Къамботрэ Лацэрэ» тхыгъэм къыхэщыж Тембот, илъ ищIэжу, иукIащ
- а) ЗекIуэлIокъуэ;
- б) Аслъэнокъуэ;
- в) Ашэжьокъуэ;
- г) Мэхъэшокъуэ.

**16.** *Хыр си шакъалъэу,*
*Къалэм хуэфащэ сиIатэм,*
*Ди ТекIуэныгъэм и усэр,*
*ДыщэпскIэ уафэм истхэнт* – мы усэр итхащ
- а) КIуащ БетIал;
- б) Мыкъуэжь Анатолэ;
- в) КIыщокъуэ Алим;
- г) Тхьэгъэзит Зубер.

**17.** КIэрашэ Т. и «Шапсыгъ пщащэ» повестым къыхощыж адыгэлI цIэрыIуэ
- а) Андемыркъан;
- б) Хьэтх Мыхьэмэт;
- в) Идар Темрыкъуэ;
- г) Абрэдж Нухь.

**18.** Шортэн Аскэрбий и *«Мурат»* пьесэм къыхэщыж *Дек*
- а) бгырыс зауэлIхэм я Iэтащхьэщ;
- б) хэкупщ Бомэт и къуэщ;
- в) инджылыз миссием и лIыкIуэщ;
- г) Урысейм къикIыу, Кавказым къагъэкIуа революционерщ.

**19.** УсакIуэ КIуащ БетIал мыпхуэдэ поэмэ итхащ:
- а) «Си хэку»;
- б) «Индыл»;
- в) «Къытехьэ бгыпэм»;
- г) «Нэху».

**20.** КIыщокъуэ Алим лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр къыщигъэлъэгъуащ
- а) «Кхъужьей къудамэ» усэм;
- б) «Си дыгъэ» усэм;
- в) «ЗэкъуэшитI» усэм;
- г) «Дунейм имыIэ къегъэжьапIэ» усэм.